

AKTUALISASI DHIRI PARAGA UTAMA SAJRONE NOVEL NONA SEKRETARIS ANGGITANE SUPARTO BRATA

(Tintingan Psikologi Sastra Abraham Maslow)

Pramudya Nur Hayati

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (kadejaswantoro@gmail.com)

Saben manungsa nduweni jinis lan tingkat kabutuhan kang beda-beda gumantung kabutuhan pribadi manungsa kasebut. *Aktualisasi dhiri* minangka wujud kabutuhan kang paling dhuwur, mula ora saben manungsa bisa nggayuh kabutuhan *aktualisasi dhiri*. Lelandhesan mau bisa nuwuhake underan panliten gegayutan karo wujud *aktualisasi dhiri* kasebut.

Tujuwan panliten yaiku asile panliten bisa diperang dadi telu yaiku adhedhasar underane panliten. Tujuwan kang mligi sajrone panliten iki ing anatarane yaiku: yaiku (1) ngandharake wujud *aktualisasi dhiri* paraga utama sajrone novel *Nona Sekretaris*, (2) ngandharake masalah kang dialami dening paraga utama sajrone nggayuh *aktualisasi dhiri* sajrone novel *Nona Sekretaris*, (3) ngandharake upaya kang ditindakake dening paraga utama anggone mrantasi masalah kanggo nggayuh *aktualisasi dhiri* sajrone novel *Nona Sekretaris*.

Metodhe kang digunakake ing panliten iki yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Teknik kang digunakake kanggo nggumpukake dhata yaiku, dhata kang wis ngumpul digolongake adhedhasar masalah kang pengin dionceki lan menehi dudutan.

Anane wujud *aktualisasi dhiri* kang ditindakake dening paraga utama bisa khasil digayuh. Perangan iki bisa ndadekake semangat lan tuladha kang becik, amarga ora saben manungsa bisa lan pingin nindakake wujud kabutuhan kang paling dhuwur yaiku wujud *aktualisasi dhiri*.

A. PURWAKA

Sastra mujudake gegambaran urip bebrayan masyarakat kang digambarake lumantar sawijine kedadeyan utawa kahanan sajrone urip lan panguripan manungsa.

Karya sastra kuwi mau bisa menehi gambaran ngenani apa kang dirasakake dening pangripta lumantar kedadeyan lan kahanan manungsa sajrone urip bebrayan sing nyata. Kedadeyan lan kahanan kang nyata kuwi mau digambarake bisa arupa perkara-perkara kang tuwuh bisa lumantar sesambungan antarane manungsa, nanging bisa amarga kahanan kajiwanane pribadi manungsa kasebut. Karya sastra ngemu aspek-aspek kajiwan manungsa kang dumunung saka paraga lan pamaragan kang dadi dhasar sajrone kajian psikologi sastra

Salah sijine peranan ilmu ngenani kajiwan manungsa lan kapribadene manungsa bisa ditindingi klawan tintingan ilmu psikologi. Analisis psikologi sastra ora bisa uwal saka pangrambakane manungsa kang nuwuhake tandha-tandha psikologis kanthi ora sadhar mangaribawani tumindak manungsa. Tumindak

kang dimaksud yaiku anane pemahaman karakter lan watak saka paraga-paraga rekaan sajrone karya sastra kang dadi punjere kajian psikologi sastra. Karya sastra minangka *fenomena* psikologis kang nuduhake gambaran aspek kajiwaan lumantar paraga-paraga sajrone teks (Endraswara, 2013:96-97).

Novel kanthi irah-irahan *Nona Sekretaris* anggitane Suparto Brata kapilih dadi objek panliten iki, amarga novel iki nduweni bab-bab sing onjo mligine ngenani *aktualisasi dhiri* lumantar paraga utamane. Suparto Brata wiwit nulis ing medhia massa nalika taun 1952. Panjenengane kalebu pangripta Jawa modern sing produktif. Karya-karyane Suparto Brata sing awujud novel antarane: *Katresnan Sing Angker*, *Asmarani*, *Sanja sangu trebela*, *Lara-lapane kaum republik* lan akeh liyane Suparto Brata sing nggunakake basa Indonesia.

Novel *Nona Sekretaris* iki pangripta nggambarake lelakone paraga utama kanthi sakabehane upaya kanggo bisa agawe uripe dadi saya becik lan laras karo pepenginanane. Pepenginan kanggo nggayuh panguripan sing becik lan laras mujudake sawijine cara tumuju marang *aktualisasi*

Narima Marang Awake Dhewe, Wong Liya, lan Kodrat

Maslow ngandharake ciri-ciri pawongan kang kalebu nindakake *aktualisasi dhiri* yaiku nduweni sipat nrima marang awake dhewe, wong liya, lan kodrat. Ing kene bisa ditegesi yen wong kang nindakake aktualisasi kasebut tansag kurmat marang awake dhewe, wong liya, lan bisa nrima kodrat kaluwihan utawa kekurangan kang diduweni kanthi pangrasa kang becik lan tawakal. Kodrat kang dimaksud kuwi mau kayata proses biologis manungsa kayata mangan, ngombe, lan turu kanthi lega bisa ditampa minangka peranan saka kodrat.

Paraga Sirtu minangka paraga utama mbuktekake ngenani sipat nrima kodrat mligine nalika dheweke ketemu Ugra lan ngabari ngenani omah kontrakan sing lagi digoleki dening Ugra. Kajaba kuwi dheweke mbayangake nalikane Ugra sawise rapat mau sing ngrangkul bangkeane Kuntum Ambarsari. Gegambaran kuwi mau bisa dimangerteni kaya cuplikan ing ngisor iki.

“Sirtu ngrangkul bangkeane Ugra lan nyelehake sirah kang dibuntel rambut lembut kuwi ing pundhake Ugra. Atine seneng banget. Sapandurat dheweke ngrasa dadi wong wadon kaya kuntum ambar sari, wong wadon kang ngalem marang wong lanang Ugrasamsi, nanging gage gambar angen-angen kuwi dibusak!” (Brata, 2010: 89)

Pepinginan paraga Sirtu minangka wong wadon kang uga nduweni rasa kepingin ngalem marang priya kaya wong wadon lumrahe. Kabuktekake saka rasa kuwi mau minangka kabutuhan babagan sesambungan antarane manungsa beda jinis yaiku antarane wong lanang lan wadon kang adu tresna. Kayata manungsa kang nduweni kodrat kang mbutuhake pangayoman saka manungsa liyane, cekake kayata wong wadon kang butuh asih lan tresna dening pangayoman wong lanang. Kagambarake kayata kabutuhan tresna kang dipingini dening paraga Sirtu kuwi mau.

Cuplikan kuwi mau uga bisa diwawas yen anane paraga Sirtu kang nindhaake *aktualisasi dhiri* iku bisa nampa sesambungan karo manungsa liyane, mligine ngenani kabutuhan kodrat wanita. Sesambungan babagan katresnan kang ora nuntut anane kasampurnaan kanggo awake dhewe utawa wong liya.

Munjerake Masalah

Ciri kaloro kang nuduhake paraga utama sajrone novel *Nona Sekretaris* iki yaiku anane

wujud aktualisasi dhiri ngenani munjerake masalah. Masalah-masalah kang diadepi dening pawongan kang nindakake aktualisasi dhiri iki mligine nengenake ngenani *dedikasi lan totalitas* marang tugas lan pakaryane. Mligine masalah kang dialami dening paraga utama sajrone novel iki anggane nindakake aktualisasi dhiri cundhuk klawan teori kang diandharake dening Maslow.

Miturut Maslow sajrone (Koswara, 1991:138) ciri kaping papat pawongan kang nindakake aktualisasi dhiri yaiku bisa munjerake masalah, wong kang nindakake aktualisasi dhiri nduweni sipat kaya mangkene amarga dheweke nduweni panemu yen apa wae kang dilakoni utawa kang dadi pakaryane kudu dilakoni kanthi *totalitas*. Dheweke nduweni dedikasi marang tugas lan pakaryane minangka tujuan saka urip wong kang nindakake *aktualisasi dhiri* iki. Pakaryan kang ditindakake dening wong nglakoni *aktualisasi dhiri* iki ngugemi prinsip yen urip kanggo makarya, lan asipat ora katujokake marang kepentingan individu. (Koswara, 1991: 138-146).

Ciri pawongan *aktualisasi dhiri* iki pranyata uga diduweni dening paraga Sirtu sing nglamar penggawean ing Jakarta dadi Sekretaris. Sadurunge dheweke melu kursu-kursus ngetik lan basa Inggris neng desane. Mula kuwi sing dadi sangune kanggo mecaki urip lan panguripan ing Jakarta, mligine kanggo golek penggawean ing kana. Bab mau kagambarake ing cuplikan iki:

“O, dudu! Aku lagi arep ndhaftarake golek pegawean!”

“O, nyuwun ngapura yen ngono! Dakkira sing melu ndhaftar peragawati wingi! Ah, ah! Golek penggawean? Eman! Upama tekamu limang menit luwih esuk nggono, dakkira ora nguciwani kowe ngganti sing jenenge Mulyati mau. Kepara wong-wong mau kokeloni. Lan kowe kontan oleh penggawean!”

“Aku ora gela. Aku ora ketarik dadi pragawati.” (Brata, 2010: 17)

Cuplikan kasebut bisa diwawas saka tumindhak Sirtu sing luwih nengenake ngenani kaprigelan dadi sekretaris tinimbang ngajokake rupane sing ayu kuwi dadi model salah sijine perancang busana, yaiku Artati. Dheweke rumangsa yen penggawean kang paling trep klawan pribadine yaiku sekretaris, senajan dheweke antuk kanugrahan rupa kang ayu lan mirunggani, Sirtu ora gelem nuduhake lan luwih nengenake kabisane anggane golek pegawean

yaiku dadi sekretaris. Kaprigelan ngenani kesekretarian kang dipikolehi nalika dheweke kursus-kursus ing ndesa biyen, Sirtu uga sadhar ngenani potensi kang diduweni, saengga ndadekake dheweke luwih nengenake anggone golek pakaryan dadi Sekertaris, tinimbang dadi model peragawati. Senajan bayarane yen dadi peraggawti luwih akeh tinimbang dadi sekretaris. Tumindhak kang kaya kuwi mau minangka wujud *aktualisasi dhiri*. Wujud aktualisasi dhiri kuwi mau bisa uga diwawas saka cuplikane sing ana yaiku Sirtu luwih konsentrasi dadi sekretaris wae tinimbang pakaryan liyane.

Misahake anataraning Dhiri lan Privasi

Manungsa kuwi mono cinipta minangka mahluk sing nduweni masalah kang *complex*. Saengga masalah kang *complex* kuwi mau tuwuh amarga manungsa minangka mahluk sosial. Anane masalah-masalah kang ana kuwi mau ndadekake manungsa kudu bisa misahake antaraning masalah pribadhi lan masalah privasi manut aspek *aktualisasi dhiri* kuwi mau.

Manungsa utawa pawongan kang nindakake *aktualisasi dhiri* biyasane nindakake lan nduweni *kabutuhan privasi*. Kabutuhan privasi saka pawongan sing nindakake aktualisasi dhiri iki asring dianggep sombong lan ngati-ati. Bab iki disebabake amarga pawongan kang nindakake *aktualisasi dhiri* nduweni kapitayan marang potensi otonomi sing dadi darbeke.

Miturut Maslow, pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* iki nduweni daya konsentrasi sing luwih kuwat tinimbang pawongan liyane saengga ngasilake pikiran sing lalen, mula banjur diarani sombong lan ngati-ati. Pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* senajan mangkono isih nduweni sipat sumeh sing becik (Koswara, 1991:140)

Anggone Sirtu nindakake wujud aktualisasi dhiri mligine anggone misahake dhiri lan privasi kagambarake nalikane dheweke srawung klawan salah sijine artis yaiku Normasari. Pasrawungane klawan Normasari dianggep kudu tansah ngati-ati. Sirtu ora gelem srawung lan manjing ajur-ajer klawan Normasari, saengga dheweke tansah nduweni pangrasa ngati-ati anggone srawung klawan Normasari, nanging ora diduduhake kanthi blaka lan isih nduweni rasa sumeh anggone srawung klawan Normasari, senadyan Normasari dianggep minangka artis kang nduweni peran kang wigati lan nduweni kekuasaan kang diwedene ing papan pangggonane Sirtu anggone nyambut gawe. Perangan kuwi mau digambarake kaya cuplikan ing ngisor iki:

“Sirtu! Ora nggabung aku kowe Sirtu?!” panyapane Normasari papasan ing lawang metu.

“O, iya! Maturnuwun!” wangsulane Sirtu nanggapi grapyak. Nanging mung lamis-lamis lambe. Mesthine Normasari ya maklum!”

Normasari kang isih tabet atine merga dipethukake karo Paradha Nainggolan dening Sirtu, tetep nganggep Sirtu sedulur sedulur snarawedin tanpa taha-taha lan tanpa sebab kang gumathok. (Brata, 2010: 30)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Sirtu, nduweni rasa kang ngati-ati, nalikane dheweke srawung klawan Normasari. Sirtu rumangsa mbutuhake privasi kanggo pribadhi kanthi sarana matesi pasrawungane klawan Normasari kang dianggep ora apik lan mrangguli bab-bab kang dianggep dening Sirtu ora cocok klawan pribadhi. Kahanan kang kaya mangkono ndadekake Sirtu tansah ngati-ati lan kudu tansah bisa uwal saka kahanan kaya kang digambarake ing ndhuwur, yaiku kanthi tindhak tutur kang alus utawa nggunakake tindhak kang biyasa wae senajan Sirtu ora seneng lan ngupaya kanggo uwal saka kekancane klawan Normasari. Kayata kang diandharake dening Maslow, pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* iki nduweni daya konsentrasi sing luwih kuwat tinimbang pawongan liyane saengga ngasilake pikiran sing lalen, mula banjur diarani sombong lan ngati-ati. Pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* senajan mangkono isih nduweni sipat sumeh sing becik (Koswara, 1991:140). Cundhuk klawan panemu saka Maslow ing ndhuwur, Sirtu kalebu minangka pribadhi kang nindakake salah sijine wujud aktualisasi dhiri yaiku munjerake masalah, nalika Sirtu tansah ngati-ati nalika srawung klawan Normasari amarga dianggep ora cocog klawan dheweke, nanging kanthi cara kang alus tanpa ninggalake sipat sumeh kang becik.

Mandiri saka Kabudayaan lan Lingkungan

“Ah, gombal kowe, ki! Aku rak ora arep nglarani atimu! Lan ora arep gawe cuwa penggalih Bapak, wong nyatane tangkepe marang aku kaya ngana apike lan ajine. Aku rumangsa diajeni banget, lo! Nanging aku iki rak isih arep bebas. Ucul saka ndesaku kana ki rak sakjane ya ucul saka gegemane wong lanang. Lagek sesasi kepungkur! Edan apa yen aku kasil oncat saka cangkeme bajul kana, ketangkep singa metropolitan

kene! Aku kepengen unjal ambegan bebas dhisik.” (Brata, 2010: 170)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake yen Sirtu nduweni kebebasan minangka wong wadon sing kepingin mardika lan bebas anggone nemtokake kepriye uripe kuwi. Kayata kang salah sijine wujud *aktualisasi dhiri* sing bisa diwawas sajrone paraga Sirtu. Sirtu minangka pribadhi kang bebas lan mandhiri nduweni *otoritas* kanggo nemtokake kepriye tujuwan urip lan panguripane. Kabukti nalikane dheweke arep didhaupake klawan Bathara Nainggolan, Sirtu bebas nolak dedhaupan kasebut, senajan Sirtu rumangsa diajeni banget dening Paradha Nainggolan yaiku bapak Bathara, lan ora kepingin gawe kuciwane atine Paradha. Sirtu rumangsa diajeni banget, nanging dheweke tetep isih kepingin uwal lan kepingin bebas anggone memitran klawan wong lanang sapa wae. Prasasat yen dheweke sida dhaup klawan Bathara, dheweke ora prelu mergawe, lan nggantugake uripe marang Bathara sing donya branane kaluwarga Nainggolan. Sirtu rumangsa luwih seneng mandhiri lan ngandelake kabisan kang diduweni mligine potensi anggone baut dadi sekretaris kanggo urip lan panguripane. Bab kang kaya mangkono cundhuk klawan konsep wujud *aktualisasi dhiri* yaiku mandhiri saka kabudayan lan lingkungan. Kayata konsep kang diandharake dening Maslow (sajrone Koswara, 1991:141) sipat mandhiri saka pawongan *aktualisasi dhiri* kasebut banjur mawas yen pibadhine minangka agen sing mardika, aktif, lan tanggung jawab sajroning nemtokake nasibe dhewe. Sirtu minangka pribadhi kang aktif lan mardika nduweni kabebasan anggone milih lan nemtokake klawan sapa dheweke bakal seneng lan ora bisa kaiket dening wong lanang sapa wae yen dheweke ora karep, bab kuwi mau kang ndadekake Sirtu minangka pribadhi kang aktif lan mardika.

Nolak Tumrap Enkulturas

Ciri saka manungsa kuwi mono kudu bisa mangerteni kepriye sejatine urip. Mligine ngenani kalebu aspek *aktualisasi dhiri*. Nalikane manungsa mau bisa nyetakake antarane kabisan sing dadi darbeke lan kekarepane, bisa sinebut manungsa kuwi mau nemokake jati dhirine lan dadi pribadhi sing *otonom* utawa dadi awake dhewe kanthi apa anane. Yen wis mangkono pawongan kuwi mau bisa mecaki urip lan panguripan kanthi mawas samubarang dipapanake minangka samubarang kang trep karo dheweke, lan kanggo pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* iki ora wedi kanggo tumindhak sing asipat ora umum.

Sipat sing otonom mau, Miturut Maslow (sajrone Koswara, 1991:141) ngandharake ciri sing pungkasan saka pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* iki yaiku nuduhake yen dheweke minangka pawongan sing otonom sing bisa lan wani nulak lan mutusake samubarang senadyan putusan mau beda karo pamawas sing umum. Panulakan tumrap enkulturas iki ora ateges pawongan sing otonom sing bisa lan wani mutusake samubarang senadyan putusan mau bedakaro pamawas umum. Panulakan tumrap enkulturas iki ora ateges pawongan sing nindakake *aktualisasi dhiri* iki minangka wujud pawongan sing mbrenggel lan mbantah wewenang utawa uwal saka pakulinan, nanging mligi marang yen dheweke iku minangka pawongan sing tansah ngupaya kanggo negeni prinsip-prinsip tartamtu lan ora gampang kaprabawan dening kabudayaan ing masyarakat (Widyadari, 2013: 71).

“Astagfirullah! Omonganmu saiki wis baut! Baut muni saru! Kuwi pikolehmu neng Jakarta, ya?! Kok becik!”

“Alalalah, Ibu rak teruuse wae mungsuhi aku! Ngarani aku wis ora prawan barang! Aja kuwatir, Bu! Aku isih prawan thing-thing! Aku durung tau turu campur karo wong lanang! Ibu ora sah melu-melu nerka ala ika-iki! Percayaa tan yang Sirtu, Bu! Ora ora yen wurukane ibu-bapak biyen-biyen kae daklirakake! Donga pangestune Ibu wae daksuwun bisa dadi dayane lakuku ana ing paran golek panguripan!” (Brata, 2010: 208)

Cecaturan ing ndhuwur nuduhake anggone Sirtu ngupaya kanggo nyakinake ibune, yen dheweke kuwi ora kaya apa kang dikira. Pangira-ngirane ibune kang nganggap Sirtu wis wani sawung bebas luwih-luwih nglanggar apa kang dadi wewadine wong wadon yaiku wis ora prawan amarga kakeyan sawung bebas nalika ing Jakarta. Anane pangira-ngira kasebut ndadekake Sirtu ngupaya bisa nyakinane Ibune yen dheweke ora kaya kang dadi pangira-ngirane alane wong tuwa wadon, senajan anggone sawung saiki luwih bebas, lan anggone nganggo sandhangan saiki wis beda wis wani nduduhake nggag-nggik lenggik awake, ananging kabeh kuwi mau ora bisa mangaribawani kang negatip klawan Sirtu amarga dheweke tansah isih ngungemi apa kang diwuruki dening rama lan ibune. Apa-apa wae kang dilakoni dening Sirtu saiki isih ora bisa ngubah pamawase lan keyakinanane yen sakabehane kang

dilakoni dening Sirtu iki ora lirwa saka donga lan pangestune ibune. Donga lan pangestune ibu isih diugemi yen dadi daya lakune golek paran lan golek panguripan saiki, saengga dheweke ora gelem gawe kuciwane ibune.

Mawas Kasunyatan kanthi Efisien

Miturut Maslow (sajrone Koswara, 1991: 138-146) ngandharake yen ciri-ciri wong kang nindakake *aktualisasi dhiri* yaiku mawas kasunyatan kanthi efisien. Mawas kasunyatan kanthi efisien yaiku salah sijining cirri *Aktualisasi dhiri* kang kapisan yaiku mawas kasunyatan kanthi efisien iki nduweni teges yaiku pawongan kasebut nduweni kaprigelan kanggo mawas kasunyatan (realitas) kanthi tlithi utawa tanpa kecampuran klawan pepinginan sing liyane lan efisien, kang ditegesi efisien yaiku pawongan kang nindakake aktualisasi dhiri bisa mangerteni

kanthi gampang wong kang nduweni utawa arep nindakake laku kang ora prasaja, kayata tumindhak licik, culika, durjana, lsp.

Mawas dhiri kanthi efisien kang diandharake ing ndhuwur uga kagambar ing novel iki nalika sawise, Sirtu diutus dening Pak Bahar kanggo nembung pagelarane ing Surabaya, Sirtu rumangsa yen Normasari kang dianggep medeni lan kudu tansah diajeni kuwi mau dirasa ora pada kang dibayangake sadurunge. Pungkasane dheweke muleh saka tugase kanggo nembung pagelaran Normasari ing Surabaya, sawunge karo Normasari dirasa rada raket. Nanging saya suwe saya dirasakake danggone sawung klawan Normasari dirasa saya kemprom banget pribadhi kayata cuplikan ing ngisor iki:

Mara-mara Sirtu ngrasa bosen nyekeli gagang telpun. Kemba krungu tembung-tembung lekoh kang metu saka cangkeme Normasari! Kemba ngrungokake ocephane Normasari! Sirtu kentekan omong. Sajane wis wiwit mau dheweke rekasa nemokake tembung kang magepokane karo pribadhi Normasari. Kondhange dadi wong ayu seniwati, nanging bareng sawung radaraket kok rinasa kemprom banget pribadhi! (Brata, 2010: 160).

Sawise Sirtu nemoni Normasari kang diutus dening Pak Bahar, Sirtu rumangsa yen Normasari kang dianggep sadurunge minangka salah sijining pribadhi seniwati kang nduweni pribadhi luhur kang tansah prelu diajeni amarga karya-karyane kang diasilake. Prasangka kang ditujokake dening Normasari sawise dheweke kekancan rada raket klawan Normasari adoh saka tembung kasebut. Sirtu rumangsa yen dheweke

angel kanggo nemokake tembung kang magepokan karo pribadhi Normasari kaya prasangka sadurunge. Kamangka kondhange Normasari kuwi bisa dadi wong ayu seniwati, nanging apa kang ditemoni dening Sirtu, bareng sawung rada raket dheweke rinasa yen Normasari pribadhi kang kemprom banget. Sakliyan kuwi

tumindhak sewenang-wenang kang ditindhakake dening Normasari, cundhuk klawan wujud aktualisasi dhiri yaiku mawas kasunyatan kanthi efisien iki ditindhakake dening Sirtu. Sirtu rumangsa bisa mangerteni kaya ngapa sebab musabab kang ndadekake Lilis yaiku sekretaris ing Biro Jasa Artis kang dipecat lan tanpa sebab, sing saiki plungguhane diganteni dening Sirtu. Sirtu rumangsa prelu lan kudu waspada, sarta mangerteni pawadan kang ndadekake Lilis metu saka biro pentas artis iki.

Asipat Demokratis

Ciri sabanjure kang nindakake aktualisasi dhiri yaiku asipat demokratis. Asipat demokratis miturut Maslow sajrone (Koswara, 1991: 138-146) yaiku wong kang nindakake *aktualisasi dhiri* iki nduweni ciri minangka pawongan kang nduweni sipat demokratis kang becik. Pawongan kasebut bebas saka prasangka ala lan malah kadhang tuwuh rasa kurmat marang saben pawongan. Luwih saka kuwi pawongan kasebut gelem meguru marang sapa wae sing bisa aweh ilmu tanpa nengenake drajad, pendhidhikan, umur, ras, lan keyakinan marang politik. Rasa kurmat maang saben pawongan iki kanthi tujuwan amarga padha minangka individu kang *manusiawi*.

Ciri aktualisasi dhiri iki dumunung ing paraga utama sajrone novel *Nona Sekretaris* nalikane Sirtu nduweni rasa kurmat marang Julacha senajan Julacha umure waton luwih enom tinimbang Sirtu. Sirtu rumangsa prelu meguru marang Julacha, amarga Julacha nduweni pengalaman utawa wis mecaki panguripan ing kutha gedhe yaiku kutha Jakarta. Sakabehe pengalaman kang dialami dening Julacha dirasa prelu lan durung tau dialami dening Sirtu mligine ngenani urip lan panguripane ing kutha gedhe. Sirtu itungane isih luwih titik pengalamane anggone mecaki panguripan ing kutha Jakarta, dheweke rumangsa prelu meguru marang Julacha kang nduweni pengalaman kang luwih akeh tinimbang dheweke. Asin lan legine mecaki urip lan panguripan kang dialami dening Julacha kang dirasa mandhiri senajan umure durung setuwa dening Sirtu, nuduhake lan nggawe sadhar Sirtu yen umur ora bisa matesi sapa wae mligine bab anggone antuk pengalaman. Kabukti kaya cuplikan ing ngisor iki;